



## Enskri pou w Vote

Vòt se yon eleman enpòtan nan fè pati kominote w la. Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantral la (OPWDD) pran angajman pou l asire moun n ap bay sèvis yo jwenn opòtinite pou yo enskri pou vote paske Nouyòkè ki gen andikap devlopmantral yo gen menm dwa pou vote menm jan ak nenpòt lòt moun.

**Lwa Nasyonal sou Enskripsyon Elektè a (NVRA)** se lwa federal ki garanti dwa vòt pou tout Ameriken. Lwa sila egzije ajans yo nan eta a, tankou OPWDD, ofri sipò ak asistans pou moun ki vle enskri pou vote.

Si ou ta renmen enskri pou w vote, tanpri ranpli Fòmilè Enskripsyon Elektè Eta New York la ki kòm anèks la (li disponib an Anglè ak Panyòl) epi retounen li bay Konsèy Elektoral Konte w la. Si w gen yon jesyonè swen, li ka ede w ranpli epi retounen fòm nan. **Si w bezwen plis enfòmasyon sou fòm sa a oswa sou pwosesis pou w enskri pou vote a, tanpri kontakte [Konsèy Elektoral Eta New York](#) la nan (518) 474-6220 oswa [info@elections.ny.gov](mailto:info@elections.ny.gov). Menm si ou dwe gen 18 lane anvan ou ka vote nan yon eleksyon, sitwayen ki gen 16 ak 17 lane ka **pre-enskri** pou vote. Si w pre-enskri, konte w la pral trete aplikasyon w lan epi l ap vin aktif lè w rive nan laj 18 lane.**

Nouyòkè adilt ki gen andikap devlopmantral gen dwa pou vote. Nouyòkè ki gen gadyen yo toujou kenbe dwa yo pou yo vote sof si òdonans orijinal ki te nonmen gadyen an te akonpaye ak yon lòt "òdonans enkonpetans" yon tribinal te bay epi yon jij te siyen. Sa a valab pou gadyen legal anba toulede lwa sou gadyen New York yo (atik 17-A SCPA a epi atik 81 MHL la). Yon "òdonans enkonpetans" pa komen epi li pa menm bagay ak yon konsta enkapasite, yon òdonans pou nonmen yon gadyen, oswa delivre lèt gadyen. Kidonk, pifò adilt Nouyòkè ki gen gadyen yo konsève dwa yo pou yo vote.

Pou w jwenn plis enfòmasyon oswa asistans ak enskripsyon an, tanpri kontakte kowòdonatè OPWDD nan Eta a pou Lwa Nasyonal sou Enskripsyon Elektè a (NVRA) nan [NVRA.Coordinator@opwdd.ny.gov](mailto:NVRA.Coordinator@opwdd.ny.gov) oswa vizite <https://opwdd.ny.gov/access-supports/frequently-asked-questions-about-voting/> [Konsèy Eleksyon Eta New York](#) la genyen tou enfòmasyon itil pou moun ki gen andikap devlopmantral, ak konsèy sou [Fason pou Enskri](#), [Konesans Machin Vòt Ou](#), [Satisfakasyon Bezwen Aksè Elektè yo](#), ak plis ankò.



Office for People With  
Developmental Disabilities